



A Trip to the Firehouse Yon Vizit nan Estasyon Ponpye

David ansanm ak klas li al vizite yon **estasyon ponpye**. Poutèt sa David mete yon mayo **espesyal**. Èske kamyon ponpye yo wouj! Kòmandan ponpye a resevwa timoun yo nan pòt la. “**Byenvini** nou gen anpil bagay **pasyonan** pou nou montre n.” Li kite tout timoun mezire yon **kas**. Apre sa, yo prezante chyen estasyon ponpye a ba yo. Timoun yo te devine non chyen an ___ se te byen Spot! Chen an pa t ko manje dejene li; Yo antre nan estasyon ponpye a pou yo bay chyen an manje.

Pandan chyen an t ap manje David wè **ekipman** ki pandye sou mi an. Ponpye yo montre konbyen tan sa pran yo pou mete **ekipman** yo sou yo. Mwens pase trant segonn!

Katelyn jwenn poto estasyon ponpye a. Yon ponpye montre timoun yo ki jan yo sèvi ak poto estasyon ponpye a. Flòp! Li glise desann sou poto a. Poto a se yon pati enpòtan. Li ede ponpye yo avanse vit lè **sirèn** an sonnen. Li pi fasil pou desann li ke yon eskalye. Depi gen dife, tout segonn konte! Josh voye zye l anlè poto a epi li mande “kisa ki la?” Ponpye a montre yo sal kote yo manje ak dòmi

Apre sa yo ale nan **sal espedisyon** an. Bagay yo pa janm ale dousman kote sa a! Lè gen yon ka **ijan**, apèl telefòn yo antre nan **sal espedisyon** an. **Sirèn** alam yo tou vin nan estasyon ponpye a. Yo wè **klòch** ki bay son bout fè a, yo wè sirèn ki konn ap sonnen byen fò a. Klòch la sonnen konbyen **kou** oubyen bay yon kòd ki **anregistre** nan yon gwo tablo nwa pou yo ka **lokalize** kote alam la ap soti. Lè sa yo konnen egzakteman ki kote pou kamyon ponpye a ale.

Gen diferan kamyon ponpye, chak gen wòl pa yo. Genyen yo itilize pou dife nan **forè**, yon lòt se pou **bilding** ki wo. Kamyon sa yo genyen ekipman espesyal. Anpil

kamyon sa yo rete nan lòt estasyon ponpye, men tout sipoze nan bon eta, pre pou yo **derape** nenpòt ki lè yo bezwen yo. Timoun yo gade kamyon ponpye a byen. Tout bagay dwe nan bon kondisyon e **tyeke** tout tan. Yo aji kòm si yo te yon ponpye. Yo ede ponpye yo lave machin nan. Yo roule kawoutchou dlo a, Kately di li sanble ak yon **kalmason**. Epi yo antre nan estasyon ponpye a pou y al pran yon ti **kolasonn**.

Timoun yo te fèk fin manje kan Kleng! Kleng! Alam nan sonnen. Ponpye yo kouri kite sal la. Yo pati ak tout **boulin** nan lari a. Timoun yo nan fenèt la fè ponpye yo baybay. Yo regrèt vizit yo nan estasyon ponpye a fini, men konnen ponpye yo gen yon gwo travay. Yo espere se pa t yon gwo dife e ponpye yo ap etenn li byen vit. Yo kwè yon jou kou Jodi a ya retounen vizite estasyon ponpye a ankò.



katwoutchou dlo



kamyon ponpye



yon ponpye ak transmetè



chyen yo



tiyo dlo



Klòch



anbilans

Aktivite

Mwen konprann tèsk la

1. Kijan ou panse timoun yo devine non chen an?
2. Ki lè nan jounen an timoun yo te vizite estasyon ponpye a?
3. Kisa timoun yo te wè nan estasyon ponpye a?
4. Poukisa ou panse estasyon ponpye a gen kabann, kwizin ak lòt bagay yon kay genyen?
5. Poukisa sal espedisyon an se sal ki pati ki pi enpòtan nan estasyon ponpye?
6. Poukisa yo dwe gen diferan kamyon ponpye?
7. Ki travay timoun yo te fè lè yo ta p vizite estasyon ponpye a?

Ann nou reflechi

1. Poukisa ekipman ki nan estasyon ponpye a sipoze nan bon eta?
2. Kisa ki pi difisil nan lavi yon ponpye?
3. Poukisa otè a ekri istwa sa a sou ponpye?
4. Konpare yon ponpye ak Ranger Dockett, èske ou panse travay yo sanble youn ak lòt?

Skill Focus: Comprehension

Topic, Main Idea, Details

1. Ask students to identify topic, main idea, and supporting details.

Skill Focus: Phonics

Compound words

Give example of a compound word and compile a list:

De Chou Gran	Sann Blak moun	Desann choublak granmoun
--------------------	----------------------	--------------------------------

Skill Focus: Writing

Ponpye enpòtan. Anvan ou kòmanse ekri, panse de tout sa ou sot aprann. Ekri senk kesyon yon vizitè ka poze yon ponpye. Apre chak kesyon ou va mete yon pwen enterogasyon.